

Gouvènè Carney, avèk konsèy Konsèy Kowòdinasyon Apwovizyonman Dlo, Deklare Siveyans Sechrès Eta a

WILMINGTON, Del. – Gouvènè John Carney, avèk rekòmandasyon li resevwa nan men [Konsèy Kowòdinasyon Rezèv Dlo \(Water Supply Coordinating Council\)](#), WSCC

Delaware la, deklare yon siveyans kontini sechrès nan tout eta a. Yo pran desizyon sa a alasuit yon reyinyon WSCC a ki te fèt maten an. [Entèdiksyon boule bagay deyò](#) Kapitèn Ponpye Eta Delaware la te pibliye a rete an vigè toujou.

Siveyans kontini sechrès sa a se poutèt yon rate lapli konstan toupatou nan eta a, sitou nan Konte New Castle ki nan nò a, kote rezèv dlo pretrete a pou rejyon ki pi peple a nan Delaware soti prensipalman nan plizyè sous ak rezèvwa dlo sifas.

WSCC a, ki gen kòm prezidan Sekretè DNREC a Shawn M. Garvin, gen ladan I reprezantan ki soti nan gouvènman eta ak konte, klimatolojis, jewològ, biznis, kominote agrikòl la, sèvis publik dlo ak lòt ankò. DNREC ankaraje tout rezidan Delaware yo ak biznis ki pa eksplwatasyon agrikòl yo pou yo volontèman redui itilizasyon dlo ki pa esansyèl pandan peryòd sa a. Pi presizeman, [machasuiv pou siveyans kontini sechrès WSCC a](#) gen ladan I:

- **Wouze pelouz yo ak plant deyò yo mwens.** Wouze pelouz yo, kouvèti vejetal la, plant yo ak pyebwa yo avèk moderasyon ak pridans.
- **Evite wouze avèk dlo potab.** Si gen dlo ki pa potab ki disponib, sèvi avèk li olye de dlo potab sou pelouz ak sou teren ki kouvri avèk gazon.

Anplis mezi konsèvasyon dlo yo, entèdiksyon boulè bagay deyò a entèdi aktivite tankou fè boukan, boule sou kontwòl (sa gen ladan I entèdiksyon ki te toujou genyen pou boule fèy ak dechè lakou), boule tè agrikòl, fè dife pou defriche, ak fè dife pou demolisyon ak pou wete danje.

[Kapitèn Ponpye Eta a](#) rekòmande rezidan yo avèk ensistans pou yo jete sigarèt ak alimèt kòmsadwa epi pou yo evite pake machin sou oswa toupre fèy ak zèb sèch pou evite koze ensandi san ou pa fè espre.

Siveyans kontini sechrès la se premye nan twa nivo aksyon ki gen pou wè avèk sechrès:

1. **Siveyans Kontini Sechrès:** Nou ankaraje konsèvasyon dlo volontè etandone posibilité sechrès la.
2. **Alèt Sechrès:** Vin gen plis chans pou rate dlo, sa ki pouse plis rediksyon volontè nan itilizasyon dlo a.
3. **Ijans Sechrès:** Kondisyon k ap vin pi mal ta ka mennen yon Eta Dijans avèk restriksyon obligatwa sou itilizasyon dlo.

Deklarasyon sechrès yo pa baze sou yon sèl endikatè. Olye de sa, reprezantan WSCC yo ap kontwole yon seri endikatè, ki gen ladan yo: lapli, debi kouran dlo, kantite dlo ki nan rezèvwa yo, nivo dlo souteren yo ak imidite sòl la. Yo evalye endikatè sa yo sou yon peryòd 3 a 12 mwa pou estime tandans alontèm yo. Toupatou nan Delaware, nivo lapli ak imidite sòl ki pi ba pase dabitud endike nesesite pou yon siveyans kontini sechrès nan tout eta a. Malgre rezèvwa dlo prensipal yo nan Konte New Castle nan nò eta a rete nan nivo nòmal, diminisyon debi kouran dlo yo nan zòn sa a soulve anpil preyokipasyon poutèt se kouran dlo sa yo ki nesesè pou ranpli rezèvwa yo. Founisè dlo piblik yo ap mande rezidan yo pou yo redui itilizasyon dlo yo depi sa posib.

Ofisyèl eta yo ak WSCC pral kontinye evalye kondisyon dlo yo epi yo pral ofri rekòmandasyon si yon alèt oswa yon ijans sechrès vin nesesè. Annatandan, WSCC a ak manm li yo ap kontwole de prè sitiyasyon meteyo yo epi y ap konseye moun Delaware yo pou yo konsève dlo pou ede anpeche restriksyon pi sevè ak petèt obligatwa.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pou sechrès ak konsèvasyon dlo, ale sou paj resous pou sechrès DNREC a nan de.gov/drought ak sou paj entènèt WaterSense Ajans Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency) Etazini an pou jwenn ti konsèy sou kijan pou ekonomize dlo.